



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA A POU ENSTORE NOUVO KREDI ENPO YO POU FABRIKAN BYÈ NAN VIL NEW YORK YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li te siyen pwojè lwa pou ede devlope pi plis endistri fabrik bwason eta a k'ap fleri an, nan pèmèt genyen kredi enpo yo onivo lokal pou brasri Vil New York yo.

Dokiman lwa sa, (A.1719C/S.6303B), ajoute yon nouvo kredi pou pwodiksyon byè ki bay fabrikan byè Vil New York yo yon kredi 12 santim pa galon pou premye 500,000 galon yo ki te pwodwi yo, ak yon kredi 3.86 santim pa galon sou pwochen 15 milyon galon yo. Kredi lokal sa li baze sou yon kredi similè sou enpo leta yo ke Gouvènè an te siyen pou vin tounen lwa an 2012.

“Administrasyon sa te batay agresivman pou bese pri yo epi koupe riban wouj pou ede brasri New York yo kontinye devlope, kreye travay, epi jenere aktivite ekonomik yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè lwa sa se yon kontinyasyon travay sa, epi li pral ede pi byen biznis yo pou yo kapab retounen investi nan konpayi yo, kontinye fè pwodwi klas mondyal yo, epi ranfòse pi plis endistri sa atravè New York.”

Se sèl brasri ki pwodwi mwens ke 60 milyon galon chak ane yo ki kalifye pou kredi sa.

Joseph Lentol, ki se Manm Asanble, te deklare, “Brasri New York yo te gen yon istwa long nan bay bon jan byè ak bon jan travay. Nan dènye dekad yo, yo te ede revitalize ti piti ak gwo zòn ibèn yo. Mwen salye Gouvènè an paske li te siyen pwojè lwa sa. Li pral pèmèt endistri kreyatif sa pwodwi plis kwasans ak divèsifikasyon, sa ki vle di finalman pi bon jan byè.”

Senatè Marty Golden te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo poutèt li siyen pwojè lwa sa pou fè li vin tounen lwa ki solidifye angajman New York anvè brasri lokal nou yo. Kredi enpo pwodiksyon byè an pral garanti kreyasyon travay, epi li pral ede devlope ekonomi nou an. Brasri yo gen yon istwa pwodiksyon long nan Vil New York, epi kredi enpo sa pral bay yon opòtinite pou yon endistri retounen nan wo nivo.”

Siyati sa kontinye ak jefò administrasyon sa pou ranfòse endistri fabrik bwason Eta New York lan. Byen bonè mwa sa, Gouvènè Cuomo te vizite Batiman Fèmantasyon Genesee (Genesee Brew House) an nan Rochester, kote li [te siyen pwojè lwa](#) ki pou modènize Lwa Kontwòl Bwason Alkolize (Alcoholic Beverage Control Law) an, nan pèmèt lavant bwason alkolize yo nan lokal etablisman yo anvan midi nan Dimanch.

Video evènman sa disponib [isit la](#) epi foto yo disponib [isit la](#).

Semèn apre an, Gouvènè Cuomo [te siyen mezi adisyonèl](#) pou pèmèt fèm pwodiksyon diven, brasri ak sidri yo vann pa vè nenpòt bwason alkolize fèm yo ki pwodwi New York, nan etablisman pwodiksyon yo an oswa nan lòt branch magazen ki lòt kote. Anba lwa anvan la, pwodiktè fèm yo te limite pou yo vann nan vè sèlman pwodwi ke yo fabrike menm kote a.

Ansanm, nouvèl lwa sa yo pral bay pwodiksyon ki ogmante ak lavant pwodwi lokal yo ki fabrike nan Eta New York, nan fè li vin pi fasil pou fè biznis nan eta sa, epi nan bay konsomatè yo plis opòtinite pou goute sa ki pi bon ke New York gen pou ofri.

Steve Hindy, ki se Prezidan ak Fondatè Brasri Brooklyn (Brooklyn Brewery), te deklare, “Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Cuomo ansanm ak Kò Lejislatif lan poutèt yo restore motivasyon enpòtan sa. Endistri fabrik brasri an se yon pati dinamik epi enpòtan nan ekonomi Eta New York lan. Endistri fabrik lan—brasri yo, vinòb yo, vinron yo, pwodiktè sidr yo ak distiyatè yo—ap non sèlman kreye travay men tou ap ede restore kominote yo atravè Empire State. Nou apresye sipò ke nou te resevwa nan men gouvènè an ak ofisyèl eli nou yo.”

Matt Monahan, ki se Pwopriyetè Other Half Brewing Company (Brooklyn), te deklare, “Gouvènè Cuomo te yon chanpyon konsistan nan ti biznis yo, espesyalman sila yo pami nou ki fabrike byè kòm mwayen pou viv. Rabè enpo endirèk Vil New York yo pou ti brasri piti yo ki rele NYC lakay yo se yon eleman ki chanje jwèt la. Sa vle di plis lajan pou kwasans, plis lajan pou anboche moun ak plis opòtinite pou kontinye fè NYC yon destinasyon byè klas mondyal.”

James Sykes, ki se Kopwopriyetè Flagship Brewing Company (Staten Island), te deklare, “Soti depi nan elimine montan frè anrejistreman mak etikèt yo pou ti brasri fabrik yo, rive nan modènize règleman yo pou fè li pi fasil pou nouvo fabrikan yo kapab fè pwodwi yo rive nan men konsomatè yo, sipò Gouvènè Cuomo an klè pou endistri brasri fabrik New York lan. Kredi enpo ki elaji yo pral bay yon pousad adisyonèl, nan ede endistri nou an kontinye retounen envesti nan biznis nou yo, devlope epi kreye travay.”

Kelly Taylor, ki se Prezidan New York City Brewers Guild, te deklare, “Nouvo kredi enpo ke Gouvènè Cuomo siyen pou vin tounen lwa pral retounen mete dè dizèn milye dola nan kòf apatenans nou, epi libere kapital ke nou bezwen anpil yo pou kapab ede ekspansyon brasri yo, kreyasyon travay, epi an dènye lye, selebrasyon Byè ki Fabrike NYC an (NYC Craft Beer).”

Paul Leone, Ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Brasri Eta New York yo (New York State Brewers Association), te deklare, “Brasri Eta New York yo te pwofite de yon rabè enpo endirèk eta a pou plizyè ane kounye a, epi retounen envesti lajan ekonomize sa yo nan biznis yo, sa ki kreye plis travay epi elaji brasri yo. Kounye a, ak pwojè lwa sa ki fèk fin adopte an, Brasri Vil New York yo, ke yo te mete enpo sou yo an

plis de enpo endirèk eta a, kapab itilize ekonomi ekstra sa yo pou devlope pi plis bisnis yo an yo nan vil lan. Nou apresye sensèman travay di ke Senatè Martin Golden ak Joe Lentol ki se Manm Asanble, yo te fè nan dokiman sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt sipò pèmanan li nan endistri fabrik bwason an nan New York lè li siyen dokiman sa pou vin tounen lwa.”

Pwodiktè bwason alkolize ki baze sou fèm nan Eta New York yo, ki te plis ke double an kantite depi 2011 epi te gen yon ogmantasyon 13 pousan nan dènye ane a sèlman, bay kominote lokal yo kote yo konn foksyone yo revni enpo ki ogmante, opòtinite travay, demann ogmante pou pwodwi fèm yo, ak yon enpak touristik ki ranfòse pou eta a.

Kontinye Ajoute sou Refòm Endistri Anvan yo pou Devlope Ekonomi New York La Lwa sa yo kontinye ajoute sou pwogrè ke Gouvènè an te fè pandan senk an ki sot pase yo pou kapab ranfòse endistri bwason fabrike an. Depi 2011, eta te reyalize yon seri de refòm enpòtan, epi li te elaji pwogram pou agrandi endistri bwason fabrike an, ki gen ladan kreyasyon nouvo lisans manifakti ki baze sou fèm yo, epi lanse yon kanpay piblisite \$60 milyon atravè eta a, epi òganize reyinyon somè sou divèn, byè ak alkòl atravè eta a.

An 2011, Vil New York te genyen sis brasri ki lokalize nan Brooklyn ak Manhattan. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo an, jounen jodi a genyen ventnèf (29) brasri k'ap opere nan tout senk awondisman yo, ak kantite brasri fabrik nan Vil New York yo ki ogmante de 20 pousan pandan dènye ane a. Depi 2011, kantite mikwobrasri yo atravè tout eta a te eksperimente yon ogmantasyon anviwon kat fwa plis, soti 40 rive 154, brasri restoran te ogmante de 260 pousan, soti 10 rive 36, epi New York kounye a se lakay 132 fèm brasri, ki se yon nouvo lisans ki kreye pa Gouvènè an nan lane 2013 pou favorize demann pou pwodwi agrikòl ki kiltive onivo lokal yo.

###